# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में एगो कार्यक्रम के सम्बोधित करत कहलें कि पछिला नौ बरिस में उत्तर प्रदेस क अर्थव्यवस्था आ प्रति व्यक्ति आय के तीनि गुना कइले में सफलता मिलल बा।

**हमने नौ वर्षों में उत्तर प्रदेश की अर्थव्यवस्था को तीन गुना करने में सफलता प्राप्त की है। प्रति व्यक्ति आय को तीन गुना करने में सफलता प्राप्त की है। वीमेन वर्क फोर्स को प्रदेश के अंदर तीन गुना से अधिक उनकी उपस्थिति देश के अंदर शासकीय सेवा हो या फिर प्रदेश के अंदर इंडस्ट्रियलाइजेशन की जो कार्रवाई हुई है उनमें उनकी उपस्थिति वहां हुयी है। ये जो आंकड़े हैं ये केवल आंकड़े नहीं हैं।**

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस आजु हर क्षेत्र में बढ़ियां परफॉर्म कइ रहल हौ।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवें कि भूमि अधिग्रहण के पूरा प्रक्रिया के प्रबंधन बदे 'रेल भूमि पोर्टल' लॉन्च कइल जाई। भारतीय रेलवे के आधुनिक बनवले के उद्देस्य से कइल गइल सुधारन पर आजु नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन के जनकारी देत उहां के कहलीं कि उनकर मंत्रालय निरमाण क्षेत्र के सथहीं कई गो सुधार कइले हौ। श्री वैष्णव कहलें कि अब कंटेनरन में उर्वरकन क परिवहन कइल जा सके ला। उहां के कहलीं कि बिजुली संयंत्र में पैदा होखे वाले फ्लाई ऐशो के अब कंटेनरन में भेजल जाई।

**अगर हम फ्लाई–ऐश का एक अच्छा ट्रांसपोर्टेशन मेकैनिज्म बना सकते हैं, तो देन वी कैन यूस फ्लाई–ऐश इन इकोनामिक वे। सीमेंट में, प्रोडक्शन में यूस कर सकते हैं या फिर रोड कंस्ट्रक्शन या किसी दूसरे कंस्ट्रक्शन में हम काम में ले सकते हैं। अभी तक क्या चैलेंज आता था रेल ट्रांसपोर्टेशन में जब उसको वैगन में भरते हैं तो फ्लाई–ऐश तो एक बहुत फाइन होने से उसको लोड करने के टाइम में बड़ा पोल्यूशंस होता था। सो डेटस वाय वी बरोट दिस रिफॉर्म। फ्लाई–ऐश के लिए स्पेशल कंटेनर डिजाइन किया है।**

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी येह महिन्ना के छब्बीस तारीख के आकाशवाणी क मासिक रेडियो कार्यक्रम 'मन की बात' में देस अउर बिदेस के लोगिन से आपन बिचार साझा करिहें। ई येह कार्यक्रम क एक सौ छत्तीसवीं कड़ी होई। श्रोता टोल फ्री नम्बर–एक आठ सुन्न सुन्न–एक एक–सात आठ सुन्न सुन्न पर कार्यक्रम बदे आपन बिचार आ सुझाव भेजि सके लें। ऊ नरेन्द्र मोदी ऐप चाहे माईजीओवी ओपेन फोरम के जरियो से ऑनलाइन आपन सुझाव दे सके लें। लोगि एक नौ दुइ दुइ नम्बर पर मिस्ड कॉल दे के आ एसएमएस में पावल लिंक कै अनुसरण कइ के सोझै प्रधानमंत्री के आपन सुझाव भेजि सके लें। आवे वाला अंक बदे सुझाव येह महिन्ना के चउबीस तारीख ले मंजूर कइल जइहें।

**********

श्रीराम जन्मभूमि मंदिर के चढ़ावा में हेराफेरी कै आरोपी लवकुश मिश्रा कै बनि रहल मकानि पर अजोध्या विकास प्राधिकरण आखिरी नोटिस चस्पा कइले हौ। ओहर, येह मामिला में काल्हि भइल सुनवाई में दौरान एडिशनल डिस्ट्रिक्ट आ सेशन जज प्रतिभा नारायण सज्जो आठो आरोपियन के न्यायिक हिरासति चउदह दिन अउरियो बढ़ा दिहलिनि। अब आरोपियन क पेसी सत्ताइस जुलाई के होई।

**********

वाराणसी के ज्ञानवापी मामिला के आपसी सुलह–समझौता के आधार पर निस्तारित कइले के उद्देस्य से आजु ओइजा जिला विधिक सेवा प्राधिकरण में दुन्नो पक्षन क बइठकी आयोजित कइल गइल। बइठकी के बादे येह मामिला में दुन्नो पक्ष साफ कइले कि ज्ञानवापी बिबाद क आखिरी समाधान क फैसिला न्यायालये से सम्भव बा।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए नीट–यूजी के पुनर्परीक्षा कै ओएमआर सीटि जारी कइ दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

**उम्मीदवार एनटीए की वेबसाइट नीट डॉट एनटीए डॉट एनआईसी डॉट इन पर अपने आवेदन नंबर से लॉग इन कर ओएमआर शीट और उत्तर देख सकते है। उम्मीदवार अपने उत्तरों की तुलना स्कैन किए गए उत्तरों से कर सकते हैं। किसी उत्तर का मिलान न हो तो उम्मीदवार प्रश्न का चयन करके अपने चुने हुए विकल्प पर निशान लगा सकते हैं और दो सौ रूपये के शुल्क का भुगतान करके चुनौती दे सकते हैं। चुनौती सही पाए जाने पर शुल्क वापस कर दिया जाएगा। ओएमआर चुनौती सुविधा पन्द्रह जुलाई तक उपलब्ध रहेगी। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

केन्द्र सरकार सोसल मीडिया पर वायरल हो रहल ओह वीडियो क खंडन कइले बा जेहमें दावा कइल गइल हौ कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी न्यूजीलैंड के ऑकलैंड में एगो कार्यक्रम के दौरान कहले रहलें कि भारत दुनिया क दुसरका सबसे बड़हन गोमांस उत्पादक देस हौ। पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांचि इकाई कहलस कि ई दावा फरजी बा आ प्रधानमंत्री अइसन कउनों बेयान नाहीं दिहले हवें।

**********